Ñetteelu nettali bi- **Taalibeeg jabaru sërin bi (**extract from Contes et Mythes

Wolof,Kesteloot et Mbodj, 1983

## I. Nettali bi

Léebóon !
Lippóon!
Amoon na fi !
Daan na am !
Yeena fekkee ?
Yaa wax nu dégg.
Waxi tey jarula dóore sa doom.
Sa jos a ci raw.

Dafa amoon benn sëriñ boo xam ni bii, àddina juróom-ñaar moo fi dàq jàng. Amoon na téeméeri ndongo ag juróom-ñaar-fukk ; di jàngal ndongo yooyu ba yàgg mu am benn ndongoob gan. Kooku la gëna bëgg, te séetub sëriñ bi, ndongo boobu rekk, la gëna bëgg. Sëriñ bi ni leen :
-Maa ngiy tukki ; ndongo bi soo xëyee nga dem ca tool ya,ca basi ba, nga tàmbalee caa bey.

Sëriñ ba nag daldi génn… Ndeke tukkiwul! Mu fab ag fetal ag ñaari ngémmiñam,dem yéeg ca daqaar ga ca tool ba. Té ca daqaar ga, fi la ndongo bi wara xëy di bey. Sëriñ bi daldi yéeg ca kow, ni cell.

Jabar ju ndaw ji daldi né ndongo li na fa dem : xarum sëriñ bi nga xam né jéll na juróom-ñaari tabaski, moom laa lay reyal,togg ko ag la ca war lépp, yot la ko ; te su ma ñowée, dinaa mel neneen : juróom-ñaari kilóoy fer yu weex, dinaa ko sol, fekk la fa ag ñetti kilóoy fer yu xonq!

Ndongo ba daldi gàddu goppam, daldi wuti tool ya. Ba mu yegsee daldi geestu fu ne, door di tàmbali di bey, daldi né bismiilaaxi, daldi door woy, naan :

« Cacaa, ca basi ba
Cacaa, ca basi ba
Baay sëriñ tukkéeti na waay,
Cacaa, ca basi ba.
Yàlla na ca dee nag :
Ma donn kër, donn ab toolam,
Cacaa, ca basi ba,
Ba donnaale ca séetub daawan,
Cacaa, ca basi ba. »

Ba mu woyee ba noppi, daldi sëpp gopp bi, daldi tanq ci ndaa li naan ba noppi, tàmbali di séentu…
Ndaw sa nag booba woo na ñenti ndongo, ñu fab xar ma daldi koy rendi, daldi koy fees : mu daldi koy togg.

Ndongo li toog ci tool yi ba yàgg, togg gi xeeñ ko, mu geestu, séen tan yi di naaw, mu daldi sëggaat ag goppam di bey, daldi tàmbaliwaat di woy :

« Cacaa, ca basi ba
Cacaa, ca basi ba
Baay sëriñ tukkéeti na waay,
Cacaa, ca basi ba.
Yàlla na ca dee nag :
Ma donn kër, donn ab toolam,
Cacaa, ca basi ba,
Ba donnaale ca séetub daawan,
Cacaa, ca basi ba. »
Ndaw sa nag daal, yenu ndab la nag, fekk ko fa daldi sukk né ko : jërëjëf. Mu daldi yenneeku, daldi dindi sér yi, lal ba mu des benn sér bu ndaw bi….Mu daldi jaaxaan…

Ndekete nii mu tëddee, mu ngi jàkkaarloog sëriñ bi : seeni bët tase, mu tàmbali di lox. Ndongo la ni ko :

-Lu mu doon ? Waxal, waxal gaw !

Ndaw si né ko :

-Danuy jëkk lekk am danuy jagal ?

Ndongo la xool bëti ndaw si né ca kow, mu né :

-kii dé dara la gis waay !

Daldi geestu, téen, séen góor gi ci kow garab gi ag fetalam, mu daldi yuuxu ni :

-danuy jagal dax nu gaawa dee !

Fa la léeb doxee tàbbi géej, bàkkan bu ko jëkka fóon tàbbi àjjana.